

Enstriksyon sou fason pou idantifye liy sèvis dlo

KNOW YOUR
PIPES

Nou bezwen èd ou!

Nan Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade (WASD), prensipal priorite nou se pwoteje sante piblik e asire sekirite kominote nou an. WASD ap konfòme li avèk Revizyon Règleman Plon ak Kuiv (LCRR) Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an (EPA) e avèk Amelyorasyon Règleman Plon ak Kuiv yo (LCRI) yon fason pwo-aktif. Règleman yo presize ke tout sèvis itilite dlo nan tout Etazini dwe kreye yon envantè materyo liy sèvis nan sistèm distribisyon dlo pa yo, e ke yo dwe tcheke posibilite ke yo gen liy sèvis an plon.

Byenke posibilite pou jwenn liy sèvis ki fèt an plon nan sistèm distribisyon nou an piti, toujou gen pwopriete ki idantifye kòm pwopriete ki gen liy sèvis ki fèt ak materyèl enkonni.

Pandan nou ap konplete envantè nou an, nou bezwen èd ou epi nou ap mande w reponn yon sondaj tou kout pou idantifye ak ki materyo liy prive sèvis dlo ou a fèt.

Nou vle asire kliyan yo ke Konte Miami-Dade kontwole kalite chimik dlo a pou asire nivo plon an rete lwen anba limit regilasyon federal la lè li kite etablisman tretman nou an. Nou pran angajman pou asire sante ak byennèt kominote nou an epi nou ap travay nan tèt kole ak rezidan yo pou idantifye tout materyèl liy sèvis enkonni yo.

- Eskane kòd QR la avèk telefòn entèlijans ou oswa vizite [paj entènèt](#) pwogram nan pou w rive pran sondaj la.
- Lokalize epi seleksyone adrès liy sèvis ou a.
- Ranpli espas yo jan yo endike nan fòm soumisyon sondaj la.
- Suiv etap anba la yo pou idantifye ak ki materyo liy sèvis ou a fèt:




Fè tès materyèl liy sèvis la

Kolekte oswa konfime disponiblite atik annapre yo:

- Leman
- Penich, kle, tounvis oswa zouti menm jan an pou w grate
- Yon Kamera oswa telefòn entelijan
- Aksè entènèt

Etap 1. Lokalize liy sèvis dlo ou a. Liy sèvis la se tiyo ki konekte kay ou avèk tiyo kanalizasyon dlo piblik la. Liy dlo a antre nòmman nan kay ou nan pati deyò kay la atravè yon rakò tiyo, oswa nan yon wobinè eksteryè, yon koneksyon, oubyen atravè fondasyon an nan yon espas ki te kapab yon espas sanitè vid, yon espas pou sèvis itilite, oswa lòt kote.



Tès Materyèl Liy Sèvis



Materyèl Tiyo a	Plastik	Kuiv	Galvanize	Plon
Rezilta leman an	Li pa kole	Li pa kole	Li kole	Li pa kole
Rezilta grate a	Li menm ak sifas tiyo a	Kuiv ki klere	Gri san ekla	Ajan klere
Rezilta frappe a	Son soud	Son metalik ki rezonnen	Son metalik ki rezonnen	Son Fèb

Etap 2. Mete leman an sou tiyo a epi gade pou wè si li kole. Pran yon foto leman an ki kole sou tiyo a oswa anrejistre l pou montre li pat kole.

Etap 3. Sèvi ak penich la, kle a oswa lòt zouti a, pran prekosyon grate liy sèvis la pi ba oswa anvan valv entèripte a. Ka gen plizyè kouch penti; ki fè, ou ka bezwen fè yon grate fon pou w jwenn materyèl la jis anba. Pran yon foto koulè anba kote ou grate a.

Etap 4. Tape sou tiyo a ak penich la, kle a oswa ak lòt zouti a. Remake ki son ou tande.

- Suiv dènye enstriksyon yo pou soumèt foto liy sèvis ou a epi ranpli sondaj la.

Mèsi dèske w te patisipe nan sondaj la e ou ede nou idantifye liy sèvis dlo nan kominote nou an. Ou va resevwa yon konfimasyon pou du w ke Depatman Dlo ak Egou te resevwa soumisyon w lan.

An ka envrèsanblab ta gen plon yo idantifye kòm materyèl liy sèvis ou a, pa gen okenn enkyetid imedyat sante. Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade va fè suivi pou detèmine yon plan ranplasman epi bay yon filtè ki nan resipan.

Si w ta renmen plis enfòmasyon oswa si w gen kesyon, tanpri kontakte Sant Sèvis Kliyan Konnen Tiyo Dlo ou nan 786-268-6955, voye yon imel ba nou nan knowyourpipes@miamidade.gov, oswa vizite miamidade.gov/knowyourpipes.